



YAYASAN KARYA BAKTI CABANG YOGYAKARTA
SEKOLAH MENENGAH PERTAMA
KARITAS NGAGLIK
TERAKREDITASI

Alamat : Nandan, Sariharjo, Ngaglik, Sleman, Yogyakarta (0274) 624813

PENILAIAN TENGAH SEMESTER GANJIL
TAHUN PELAJARAN 2024/2025

Mata pelajaran : BAHASA JAWA
Kelas : VIII
Hari/ Tanggal : Rabu, 18 September 2024
Waktu : 10.30-11.30

I. Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi milih wangsulan jawaban a, b, c utawa d kang kok anggep bener dengan memberi jawaban a,b,c atau d pada kotak yang tersedia !!

1. Sakabehe patrap, ucap, pratingkah/tumindak, solahbawa, tata pranatan kang becik, subasita diarani
 - a. Tata ateges
 - b. Tata krama
 - c. Pranata cara
 - d. Tataran tembung
2. Tata pranataning basa miturut lungguhing tatakrama yaiku
 - a. Tata krama
 - b. Tataran tembung
 - c. Unggah – ungguh
 - d. Sesorah
3. Manut wujud unggah – ungguh, basa kapareng dadi loro yaiku
 - a. Ngoko lan krama
 - b. Tatakrama lan pranata cara
 - c. Becik lan subasita
 - d. Solahbawa lan patrap
4. Mengko sore, aku arep tuku buku ing gramedia
 - a. Basa ngoko lugu
 - b. Basa ngoko alus
 - c. Basa krama lugu
 - d. Basa krama alus

5. Sampeyan benjang teng griya
 - a. Basa ngoko lugu
 - b. Basa ngoko alus
 - c. Basa krama lugu
 - d. Basa krama alus

6. Gesang ing jagading pasrawungan supados dipunajeni tiyang sanes kedah ngetrapken
 - a. Tata krama lan unggah – ungguh
 - b. Tata krama basa jawa
 - c. Basa Indonesia
 - d. Pacelathon

7. Kadospundi pratapipun awak nalika matur dhateng tiyang sepuh ?
 - a. Ngadeg jejeg, mripat ngulatake, tangan ngapurancang
 - b. Ngadeg jejeg, tangan ngapurancang, nalika matur dhada tekan sirah rada mbungkuk
 - c. Awak mbungkuk, tangan ngapurancang
 - d. Ngadeg jejeg , tangan ngapurancang

8. Tangan ngapurancang tegesipun
 - a. Asta kalih dipunselehaken sangandhaping puser
 - b. Tlapak asta tengen nginggil tlapak asta tengen nginggil tlapak asta kiwa lajeng dipunselehaken sangadhaping puser
 - c. Tlapak asta kiwa ing nginggile asta tengen lan dipunselehaken sanginggilipun puser
 - d. Asta kiwa lan tengen dipunselehaken sawingkinge awak

9. Pratelan ing ngandhap menika tata kramanipun mertamu, kejawi
 - a. Ndhodhok kori paling kathah kaping tiga
 - b. Ngaturaken salam utawi kula nuwun
 - c. Mlebet sasanipun dipunmanggakaken supados mlebet
 - d. Lenggah kanthi sasekecanipun

10. Nalika nembe wulangan, Rendi dipuntimbali Pak Agus, mila Rendi lajeng nyuwun pamit dhateng Bu Pratiwi, aturipun makaten
 - a. Nuwun sewu, Bu! Kula ajeng tenggene Pak Agus!
 - b. Nuwun sewu, Bu! Kula nyuwun idin badhe sowan Pak Agus !
 - c. Nuwun pangapunten, Bu. Kula ajeng teng ruang BK.
 - d. Nuwun pangapunten, Bu. Kula badhe Pak Agus.

11. Unggah – ungguh basa ingkang wujud tembung – tembung ngoko dipunwastani
 - a. Ngoko lugu
 - b. Ngoko alus
 - c. Krama lugu
 - d. Krama alus

12. Unggah – ungguh basa ingkang wujud tembung – tembung krama kacampuran basa krama lan krama inggil kangge ngormati dipunwastani
- Ngoko lugu
 - Ngoko alus
 - Krama lugu
 - Krama alus
13. Pratelan ngandhap menika ngangge basa ngoko alus, kejawi
- Srawunge wong dewasa kang wis kulina
 - Wong tuwa marang wong enom kang luwih dhuwur pangkate
 - Priyayi kakung kudu njaga marang garwane
 - Bocah cilik karo bocah cilik sing wis akrab
14. Basa krama alus sing nggunakake
- Anak marang wong tuwa
 - Kanca karo kanca kang wis kulino
 - Wong dewasa kang wis kulino
 - Wong tuwa marang wong enom
15. Bu, nyuwun pangapunten menawi ... kula ... dhateng ruang BK.
- Oleh, njaluk ijin
 - Pikantuk, njaluk pamit
 - Kapareng, nyuwun pamit
 - Pareng, nyuwun ijin
16. Kanca – kanca aku kawigatenmu sedhela, akua rep Wara-wara
- Nyuwun, paring
 - Njaluk, paring
 - Njaluk, caos
 - Njaluk, aweh
17. Wekdal ingkang sae nalika mertamu inggih menika
- Wayah surub
 - Wayah ngaso
 - Wengi jam 11
 - Awan
18. Senajan pintu kebukak, nanging kedah uluk salam/kula nuwun utawi dhodhog lawang paling kathah kaping pinten ?
- Kalih
 - Tiga
 - Sekawan
 - Gangsal
19. Nalika mertamu ngagem busana ingkang sae kangge ...
- Ngormati ingkang mertamu
 - Ngormati awake dhewe
 - Ngormati ingkang kagungan dalem
 - Ngormati kulawargane

20. Ing ngandhap menika tata kramanipun nampi tamu, kejawi
- Nyandhang nganggo kang becik
 - Nampa tamu kanthi pasuryan sumringah
 - Nalika tamu bali ngeterke nganti tekan pager omah
 - Disuguh sing enak-enak
21. Apa ancane nyemak pawarta ?
- Kanggo golek informasi
 - Kanggo golek hiburan
 - Kanggo njembarake wawasan
 - Kanggo ngisi wektu
22. Ngisor iki titikane pawarta, kajaba
- Factual
 - Actual
 - Wigati
 - Fiktif
23. Pawarta kang becik ngemot wangwulan saka pitakon
- Sapa, ing ngendi, kapan, kenapa
 - Sapa, ing ngendi, kapan, kepriye
 - Sapa, ing ngendi, kenapa, kepriye
 - Sapa, apa, ing ngendi, kapan, kenapa, kepriye
24. Urip bebrayan ing madyaning masyarakat, saben dina manungsa, ora bisa uwal saka kegiatan kang aran nyemak utawa
- Maca
 - Nggatekake
 - Micara
 - Nulis
25. Nyemak pawarta saka media elektronik, kaya kang kacetha ing ngisor iki, kajaba ...
- Radio
 - Televisi
 - Kalawarti
 - Internet
26. Kang luwih dhisik ngemot pawarta actual/anyar , yaiku
- Kalawarti
 - Koran/ Ariwati
 - Radio
 - Televisi
27. Pratelan ing ngandhap menika cara nyemak pawarta kejawi ...
- Nyemak pawarta saka wiwitan nganti rampung
 - Dicathet gagasan-gagasan pokok saben paragraph
 - Dicathet fakta utawa data kang awujud angka
 - Nyemak pawarta sinambi olah – olah

28. Pawarta enggal langkung cepet dipunpirengaken saking
- Kalawarti
 - Laying kabar
 - Wara – wara
 - Media elektronik
29. Nalika nyemak kedah nyawisaken buku lan pulpen, kangge
- Nyathet fakta ingkang nelakaken angka
 - Nggambar prekawis ingkang wigati
 - Ngingkes isi pawarta
 - Nyerat tembung-tembung ing pawarta
30. Taman pintar kalebu papan wisata
- Kabudayan
 - Pendidikan
 - Religius
 - Pawiyatan
31. Tanggapan yaiku
- Pawarta kang ngemot informasi – informasi kang nyata
 - Palapuran saka sawijining kadadean kang mentas kelakon
 - Nelakake panemu gegayutan karo pawarta kang dirungokake utawa diwaca
 - Ngrungokake pawarta saka kalawarti, radio, televisi utawa adu arep
32. Manut isi, tanggapan saged wujud pratelan kados ing ngandhap menika, kejawi
- Pratelan sarujuk
 - Asung pamrayoga
 - Pratelan ora sarujuk
 - Ngremehaken
33. Tanggapan menika nggadhahi piguna kangge menapa ?
- Kangge njlentrehake pamanggih ngengingi isi pawarta
 - Kangge nelakaken gagasan pribadi
 - Kangge nelakaken rasa pangrasa
 - Kangge ngrasakaken raos mangkel utawi gething kaliyan tiyang sanes
34. Tanggapan kedah
- Leres lan sae
 - Laras kaliyan isi pawarta
 - Mawa ukara Panjang
 - Mawa ukara pawarta
35. Ngandharaken tanggapan kedah sinartan
- Bukti
 - Pawadan/alesan
 - Tuladha
 - Pethikan

